

SS.7.C.1.9

Defini règ lalwa ak rekonèt enflyans li sou devlopman nan sistèm legal, politik, ak gouvènman Ameriken an.

SS.7.C.1.9 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1:

Elèv yo ap distenge karakteristik ant yon sosyete ki opere anba règ lalwa ak youn ki pa fè sa.

Nan peyi ki swiv **règ lalwa**, lwa yo aplike egal ego a tout moun. Nan peyi Etazini, **sitwayen** yo eli moun pou reprezante yo e yo atann pou yo fè lwa ki aplike egal ego a tout moun. Règ lalwa ede pou kreye lòd ak jistis nan sosyete a.

Règ lalwa aplike tou sou pouvwa nan gouvènman an. Yo kontwole pouvwa gouvènman an atravè **separasyon pouvwa yo e kontwòl ak balans**. Prensip sa yo nan Konstitisyon nou an pou asire ke yon branch nan gouvènman an pa abize pouvwa li.

Konstitisyon Etazini an, **Deklarasyon Dwa**, ak **14yèm Amannman** an, tout jwe yon wòl nan règ lalwa. Egzanp, si yo te akize yon moun de yon krim, **Sizyèm Amannman** an garanti ke yon jij dwe di moun lan de kisa yo akize li. Epitou, sitwayen gen dwa a yon jijman devan yon **jiri san patipri** ki nan yon kantite tan ki rezonab ("rapid ak jijman piblik"). Dwa moun ki akize a dwe aplike pou tout sitwayen san patipri ak egal ego.

Nan peyi ki pa gen règ lalwa, sitwayen ke yo akize pou krim ka rete nan prizon pou lontan san okenn lide de kisa yo akize li a. Lalwa ka aplike yon fason diferan ant pòv ak moun rich, ant moun ki pwisan ak sa ki san fòs, ant gason ak fanm, ak ant gwoup ki popilè ak gwoup ki pa popilè (egzanp, gwoup reliye). Epitou, si yon moun te vle pale kont gouvènman an, tankou pwotestasyon, **petisyon**, oswa ekri yon lèt bay editè jounal, yo te kapab arète moun sa a, e fenmen I nan prizon san yon **jijman** si règ lalwa a pa anplas.

San règ lalwa, li fasil pou gouvènman an abize pouvwa li kote pa gen okenn moun ki gen dwa pou di anyen sou li.

14th amandman - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki defini sitwayènte, akòde sitwayènte a ansyen esklav yo ak defini votè kòm gason omwen 21 ane daj.

Deklarasyon Dwa - dis premye amannman ki nan Konstitisyon Etazini an

jijman - yon pwosesis legal kote gen yon moun yo akize de yon krim fè fas a yon jij e yon jiri, ke travay li se pou I gade nan fè yo e deside si moun yo akize a koupar ou pa koupar; dwa a yon jijman pwoteje nan sizyèm Amannman an

jiri san patipri - yon gwoup sitwayen ki sèmante pou bay yon vèdik ki jis daprè prèv ki prezante nan yon tribinal lalwa

kontwòl ak balans - yon prensip nan gouvènman federal la, daprè Konstitisyon Etazini an, ki pèmèt chak branch nan gouvènman an limite pouvwa lòt branch yo

petisyon - yon demand fòmèl ke yon moun ki gen otorite te ekri, yon lidè, ak/oswa yon ofisyè ki te eli

règ lalwa - lide ki fè konnen ke moun kap gouvènre dwe swiv lwa yo; pa gen pèsonn ki pi wo pase lalwa

separasyon pouvwa - estrikti gouvènman federal la, daprè Konstitisyon Etazini an, ki mete anplas twa branch avèk pwòp pouvwa distenk yo ak responsabilite yo

sitwayen - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi

Sizyèm amandman - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki bay pwoteksyon ak dwa ak yon moun yo akize de yon krim, enkli dwa a yon jijman rapid ak yon jiri san patipri